Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№4 (7300)
26 январь 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъи

## Шагьаралъулал шартIал чIезариялъе

Гьаб соналъул I8 январалда РДялъул бакIал раялъул, архитектураялъул ва ЖКХялъул Министерствоялъ, министрасул зам. И. Абакаровасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIараб совещаниялда гьоркьоб лъуна «Шагьаралъулаб къагIидаялъул ресал ва шартIал рукIинари»,- абураб приоритетнияб проект гIумроялде бахъинаби республикаялъул муниципалиял районазда ва шагьаразда унеб бугеб куцалъул суал. Гьенир гIахьаллъана Дагъистан республикаялъул районазул ва шагьаразул вакилзаби.

Совещаниялда гIенеккана республикаялъул муниципалитетазда тIадехун рехсараб проекталда хурхун гьабулеб хIалтIул бицунел кIалъаязухъ. Гьениб кIвар буссинабуна бакIазда гIумро гьабиялъе киналго ресал ратиялде, гьеб рахъалъ информация къватIибе кьеялде.

Нилъер районалъулги буго 20I8-2022 саназда гьанжесеб шагьаралъулал шартIал районалда чIезариялде буссараб Программа. Гьеб лъун буго райадминистрациялъул сайталда.

РДялъул министерствалъул совещаниялъул хIасилал данде росана нилъер «Служба ЖХК» МО «Унцукульский район» МКУялдаги. Гьанжесеб шагьаралъулаб къагIидаялъ муниципалияб районалда шартIал чIезариялъе бугеб программа гIумроялде бахъинабиялъе кинабго гьабизе хIалтIи гIуцIулеб буго гьениб.

## Депутатас тIаде къабул гьаруна

23 январалда гIадамал тIаде къабул гьаруна РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мух1амад МухIамадовас. Жидерго унтарал суалал гун гьенире рачIана ХъахIабросу, ЦIатIанихъ, ИштIибури гIадал росабалъа гIадамал. Гьез гьарулеб букIана хIалтIуда хьезариялъул, «Хехаб кумек» ригьда щвеялъул, бухьеналъул, школалъул мина бан лъугIизабиялъул ва цогидалги суалал хехго тIурай,-ян.

Депутат киназухъго гIенеккана. Цо-цо суалал бакIалдаго тIурана, хутIарал заманалдасан тIуразе ругин бихьизабуна.

ТIаде къабул гьари халат бахъана кIиго сагIаталъ. Депутатас гьединал дандчIваял хадурккунги гьаризе руго.

Гьудуллъи, гьоболлъи

## Цоцаде гIагарлъараб дандчIвай

Январалъул байбихьуда Дахадаев районалъул «Чиндерчеро» мугIрул лыжабазул базаялда букIана дандчIвай МугIрузул округалъул творческиялгун художественниял хIаракатчилъиялъул коллективазул. Гьенир гIахьаллъана РДялъул МугIрузул округалъул вакил М. Камилов, ГIахъуша, Гъуниб, Хьаргаби ва Лаваша районазул бутIрул. Унсоколо районалдаса дандчIваялда гIахьаллъана бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, культураялъул отделалъул ва № 9 ясли-ахалъул коллективал.

ДандчIвай рагьана ва бачана ГIахъуша районалъул бетIер А. МахIарамовас. ЛъикIаб дандчIваялъухъ гьезие баркала загьир гьабуна ГI. НурмухIамадовас ва гьаб дандчIваялъ жеги щула ва гъварид гьаризе руго нилъер гIадамазул гьоркьорлъаби, лъикIлъизе буго цоцазул адаб-хатир цIунун кинабго рахъалъ кумекал гьари. БутIрузул кIалъаязда гьоркьор риччалел рукIана художественниял номерал.

-У, хIакъикъаталдаги гьединал дандчIваяз щула гьабула гьоркьорлъаби гурелги, лъугьуна даимал гьалбаллъун. Сахлъи-рохел, талихI щивасе умумазул лъикIал гIадатал тIад руссинариялъулъ,-ян бихьизабуна М. Камиловас.

ДандчIваялда кIалъалаго гIахъущисезул бетIерас абуна: «Кидаго рагьарал ругин гьалбадерие «Чиндерчеро» база ва щивасул рокъобе нуцIа!»,-ян.



«ДандчIваяз щула гьабула муниципалитетазул гIадамазул цоцаздехун бухьен, гьелъие гIоло хадурккунги тIоритIизе руго гьединал тадбирал»,-ян абуна гьес.

ХIисаб кьей

## ХIалтIи чучлъизе бегьуларо



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда районалъул Собраниялъул депутатаз, Россиялъул МВДялъул районалъул отделалъул нач. М. МухIамадовас такъсирчилъи лъугIизаби ва общественнияб гIадлу-низам цIуниялъул мурадалда араб соналда гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна. Заседаниялда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Собраниялъул пред. К. Асадулаев, бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIамзатов, М. ХIасанова, районалъул прокурор ХI. Хайчилаев, полициялъул полковник А. Юнусов, Собраниялъул депутатал, росабазул бутIрул, учреждениял-оранизациязул нухмалъулел.

Байбихьулаб кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас абуна: «Полициялъул хIакъалъулъ» бугеб федералияб Законалда рекъон 20I2 соналдаса нахъе тIоритIулел руго жанисел органазул, власталь ва бакIалъулаб самоуправлениялъул нухмалъулез хIисаб кьеялъул данделъаби. Гьелъ бихьизабула рагьун халкъалъе бициналъул принцип хIалтIизабулеб букIиналъул, гьединго гIадамазухъе органаздасан битIараб информация щолеб букIиналъулги.

Жанисел органазул хIалтIул хIакъалъулъ доклад гьабуна М. МухIмадовас: «Районалда бугеб криминалияб ахIвал-хIалалъул бицунаго гIезегIанго гIодобе ккана такъсирчилъи. 20I7 соналда хъвай-хъвагIай гьабун буго 246 такъсир, гьелда цебесеб соналъ букIана 276, рагьун буго 23I такъсир, гьеб ккола 96,7 %, ай республикаялда рагьаралдаса I0 % цIикIкIун,-ян бихьизабуна гьес.

Гьединго жиндирго кIалъаялда М. МухIамадовас тIадчIей гьабуна: «20I7 соналда терроризмалъулаб къагIидаялъ зарал ккарал гIадамазул къадар гIодобе ккана. Унсоколо ва Гумбет районазул гIорхъода чIвана Балахьуниса I976 соналда гьавурав, федералияб розыскаялда вукIарав Шарипов Ильяс Расулович, 4 пособникас жалго разилъун гьеб ишалдаса инкар гьабуна. Гьединго хIалтIи гьабулеб буго живго вахчун вугев ХарачIи росулъа Асадулаев КъурамухIамад МухIидинович кверде вачIинавиялъеги.

Такъсирчилъи гIодобе ккезабиялъе кIудияб квербакъи гьабуна профилактикиял организацияз бакIазда жигараб хIалтIи гьабиялъги. Районалъул, росабазул администрацияз, депутатазул корпусалъги гIемераб хIалтIи гьабуна законалда данде кколарел ишазда ругезда гьоркьоб, гьезул руччаби-лъималазда гьоркьобги. ГьабсагIаталда кIвар бугеб рахълъун хутIун буго нухазда балагьал ишал цIикIкIин, гьеб лъугIизабиялде кIвар кьезе хIажат буго».

Хадуб гьес бихьизабуна хIалтIи чучлъизе тезе бегьуларин, бокьараб мехалъ цIилъун бачIине рес бугин ахIвал-хIал. ТIадруссун цоги улкабазда рахчун ругел бандгруппаялъулал рачIине бегьулин. Ахиралда М. МухIамадовас баркала загьир гьабуна гьеб хIалтIулъ жавабчилъи бихьизабуразе.

Хадуб ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна терроризмалде ва такъсирчилъиялде данде гьабулеб хIалтIи рехун тезе бегьуларин.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 4 (7300)*

*26 январь 2018 сон*

2 гьумер

**Готовность к чемпионату Европы, выплаты долгов по заработной плате и десятки других важных вопросов обсудили на оперативном совещании под руководством врио главы Дагестана. С подробным еженедельным докладом выступил врио премьер-министра республики. Абдусамад Гамидов рассказал, что в Дагестане откроются пять новых школ, объекты уже готовы к сдаче.**



**Оперативияб совещание**

## Ясал хъами-бихьинчилъи гуро



23 январалда районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас районалъул полициялъул отделалъул начальникги гІахьал гьавун тІобитІана оперативияб совещание. Гьенив гІахьаллъана ФСБялъул районалда вугев нач. ГІабдулсамад МухІамадов, Собраниялъул председатель, депутатал, бетІерасул замал, районалъул имам, росабазул бутІрул, учреждениязул нухмалъулел.

Совещаниялда гара-чІвари ккана районалда бугеб общественниябгун политикияб ахІвал-хІалалда хурхун, бицана районалда ясал хъамиялъул хІужаби кколел рукІиналъул.

ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна ясал хъамиялъ гІадамал чІварал хІужабицин ккезе рес бугин росабалъ,-абун. «КьучІдасанго лъугІизаризе ккола нилъеца гьел зарaлиял гІадатал, гьеб данде кколаро эконалдаги, гІадатаздаги, гІумроялдаги. Ккарал лъугьа-бахъинал лъалаан бутІрузда, амма гьез кинаб букІаниги кІвар буссинабулеб гьечІо, гьеб бихьичІеб ххвел гьабун толеб буго,-ян бихьизабуна гьес.

КІалъазе вахъарав полициялъул отделалъул нач. М. МухІамадовас гІайибиял законнияб жавабчилъиялде ахІизе ругин бихьизабуна. Гьединго гьес кІвар буссинабуна мажгитазда, росабалъ суал хадубккун бербалагьиялда гъоркь букІине ккелин.

Районалъул имам Гъ-М. Абакаровас бицана динияб къагІидаялъ яс хъамиялъул бугеб квешлъиялъул. «Эркенай чІужугІадан хІалалъ ячун рукъалдаса рикІкІадегун росасе ине тІами исламалъ гьукъараб буго. Гьелъ Аллагьасул ццим бахъинабула ва гьедин гьабурав чи диналъ фасикълъул рикІкІуна. Гьединго гьеб рахъалъ бичІчІи кьезе ккола васазеги ясазеги»,-ян бихьизабуна гьес. КІалъазе вахъарав ФСБялъул начальникасги бихьизабуна ясал хъами нахъегІанаб иш бугин, бичІчІи кьеялъул хІалтІи гьабизе хІажат бугин районалда,-абун.

КІиабилеб суал букІана рищиязда хурхараб. Росабазул бутІрузул кІвар буссинабуна законалда рекъон хІалтІи гІуцІиялде.

## Ветеранасулгун дандчІвай



23 январалда райадминистрациялъул бетІер ГІ. НурмухІамадов дандчІвана захІматалъул ветеран, РДялъул мустахІикъав педагог, Э. Камалудиновгун. Гьенир гІахьаллъана бетІерасул замал, лъай кьеялъул хІалтІухъаби. Бицана цебесеб ва жакъасеб лъай кьеялъул. Э. Камалудиновичас бицана жиндирго гІумроялдаса лъугьа-бахъинал.

(Э. Камалудиновасул хІакъалъулъ нижеца гьал къоязда газеталда лъезе буго.)

ЦеретІурал лъималазулгун дандчІвай

# Район - лъикІазул кьеразулъ



20 январалда райадминистрациялъул активияб залалда букІана РДялъул лъай кьеялъул ва гІелмуялъул министрасул зам. Корпухин Алексей Владимировичасулгун районалъул лъай кьеялъул хІалтІухъабазул дандчІвай. Гьенир гІахьаллъана бетІерасул зам. М. ХІасанова, лъай кьеялъул отделалъул начальникасул зам. М. ГІабдурахІманов ва цогидалги.

ДандчІваялъул аслияб тема букІана: «ГІакълу цебетІурал, лъай бугел лъимал загьир гьари ва гьел ТІолгороссиялъул олимпиадаялде хІадури, гьезие муниципалияб этапалда бергьаразе шапакъатал кьей, районалъул школазда гьоркьор гІуцІарал рейтингазда бергьаразул хІасилал гьари. ХІасилал гьарулаго А. В. Корпухиница дипломал кьуна МКОУязе лъай кьеялда рихьизарулал лъикІал хІасилазухъ. Гьединазда гьоркьор руго Унсоколо № I школа – районалда I ва республикаялда I4 бакІ ккураб, районалда 2 бакІ ккураб Шамильхъалаялъул школа, 3 бакІ ккураб Генуб, 4 бакІ ккураб ГІашилтІа школалги.

ГІаммаб лъай кьеялъул организациязул ассоциациялъул пред. Бронштейн Илья Михайловичас абухъего – «Нужер районалъул школаз нахъа толел руго ВОГИялда хурхун москвалъулалгицин школал. ХІакъикъаталдаги гьеб ккола нужер кІудияб цебетІей!».

РагІи кьуна районалъул МКОУязул площадкаялъул куратор Мадина ХІажиевалъе. Гьелъ ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна гьалбадерие гьабураб хІалтІуе кьураб лъикІаб къиматалъухъ ва бихьизабуна районалда лъай кьеялъул иш лъикІ гІуцІун бугилан.

Ахиралда кІалъана М. ХІасанова. Гьелъ абуна: «КІудияб баркала РДялъул лъай кьеялъул министерствалъе нижер районалде кІвар кьуралъухъ»,-абун.

# Физикаялъул учительзабазул Ассоциациялъул данделъи

МахІач Дахадаевасул цІаралда бугеб Унсоколо № I школалда тІобитІана районалъул физикаялъул учительзабазул Ассоциациялъул данделъи. Гьениб гІахьаллъи гьабуна районалъул физика кьолел учительзабаз ва лъай кьеялъул управлениялъул хІалтІухъабаз. Гьоркьоб лъураб тема букІана «ГІаммаб лъай кьеялда ФГОСалъул шартІазда физикаялъул дарс кьей, «ЦІияб цІалул соналда АУФалъул хІалтІул план гьаби»,-абурал.

Т1оцебесеб темаялда 9 классалда рагьараб дарс тІобитІана Самраъ МухІамадовалъ. Тадбиралъе кІудияб къиматги кьолаго лъай кьеялъул управлениялъул начальник Л. МухІамадгІалиевас гьадин абуна: «ЦІалул планалъул базаялъулаб бутІаялде босун буго «Внеурочная деятельность». Гьелъул щибаб классалда букІуна щуго сагІат. Гьединлъидал дасртун къватІибехунисеб хІалтІулъ жакъа акцент гьабизе ккола цІалдохъабазул проектниябгун цІех-рехазулаб ишалде, физикаялъул курсалда цІалул проектниябгун цІех-рехазулаб тематика бухьинабиялде, гІелмияб бичІчІиялъул эксперименталияб метод лъугьинабиялде, цІиял рагьиял ва батІи-батІиял жал ургъиялдалъун цІалдохъабазул творческияб бажари цебетІезабиялде, ургъизе бегьула хІалбихьиялъулгун ориентированиялъул ва пропедевтическиял курсал ва гь. ц. Гьеб хІалтІул хаслъи бихьизабун буго гьваридго кІвар кьун гьеб предметалдехун ралагьулел цІалдохъабазе. КІвар бугеблъун ккола; цо педагог гІола физикаялъул занятиял тІадегІанаб профессионалияб къагІидаялъ бачине факультативалда яги секциялда. Гьел ва цогидалги цІилъабаз учительзабаздасан тІалаб гьабула цІалул процессалда цІиял формаби гІуцІи, методика ва технология лъазаби, физикаялъул дарсил ишалъе проектирование гьаби.

Гьедин цере рукІарал къагІидабазулъ гІемераб хиса-баси кколеб буго цо-цо предметал кьеялъулъ, хасго физикаялъул: цІалдохъабазда кІвезе ккола гІицІго гІадатияб бажари хІалтІизаби гуребги, хІакъикъиял гІелмиял кьучІал ричІчІизе, гьелъие хІажалъула эксперементалиял цІех-рехал гьаризе цІалдохъабазухъа бажариги,-ян бихьизабуна Л. МухІамадгІалиевас.

Гьенибго «ФГОСалъул шартІазда гІаммаб лъай кьеялъул дарс бачунаго диалогическиял захІмалъабазул ва физикаялъул лъай кьей бачиналъул къагІидабазул бицун доклад гьабуна районалъул физикаялъул учительзабазул Ассоциациялъул нухмалъулей С. МухІамадовалъ.

КІалъана лъай кьеялъул управлениялъул методист С. МухІамадгІалиева, ЕГЭ кьеялъул рахъалъ бетІерав специалист ГІ. МухІамадов, Унсоколо № I школалъул завуч Н. ХІамзатова. Киназго лъикІаб къимат кьуна С. МухІамадовалъул рагьараб дарсалъе.

**Хадижат ГІАБДУРАЗАКЪОВА.**
**ГьаракІуни школалъул физикаялъул учительница.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 4 (7300)*
*Рузман*
*26 январь 2018 сон*

3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере




# СПИСКИ

## избирательных участков Унцукульского района, формированных для проведения голосования и подсчета голосов на предстоящих выборах Президента Российской Федерации 18 марта 2018 года.

| № изб. участка | Наименование избирательного участка | Описание избирательных участков в границах муниципального образования | Местонахождение избирательных комиссий | Номера Телефона участковых избирательных комиссий |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1477 | Шамилькалинский избирательный участок | В границах домов 13,14,15, 16, 16а, 17, 17а, 18 | Здание Шамилькалинской СОШ | 8 928 517 03 31 |
| 1478 | Шамилькалинский избирательный участок | В границах домов 18а,19,19а,20,8,11,11а,12, | Здание ДОУ № 8 | 8988 636 18 25 |
| 1479 | Шамилькалинский избирательный участок | В границах домов 1, 2, 4, 5, 6, 21, 21а, 22, 23, 23а, общ 1, 2. котеджи | Здание РДК | 8 963 791 08 84 |
| 1480 | Унцукульский избирательный участок | В границах от здания лесхоза до площади им. М. Дахадаева | Здание Унцукульской СОШ № 1 | 8 988 267 44 45 |
| 1481 | Унцукульский избирательный участок | В границах от площади до здания мечети (кавута) | Здание РДК | 8988 771 12 86 |
| 1482 | Унцукульский избирательный участок | В границах от здания мечети (кавута) до старого здания УСОШ № 2 | Здание ДОУ «Ласточка» | 8 989 879 30 34 |
| 1483 | Хинтиминтинский избирательный участок | В границах с. Хинтиминта | Здание филиала художественной фабрики в с. Хинтиминта | 8 9882768946 |
| 1484 | Харачинский избирательный участок | В границах с. Харачи | Здание ФАП | 8928 0577756 |
| 1485 | Моксохский избирательный участок | В границах с. Моксох | Здание Моксохской основной школы | 8 906 447 83 83 |
| 1486 | Балаханский избирательный участок | В границах с. Балахани | Здание администрации с. Балахани | 8 928 286 84 15 |
| 1487 | Зиранинский избирательный участок | В границах с. Зирани | Здание зиранинской нач. школы | 8 928 978 42 60 |
| 1488 | Майданский избирательный участок | В границах с. Майданское | Здание средней школы | 8989 893 47 22 |
| 1489 | Araканский избирательный участок | В границах с. Аракани | Здание администрации с. Аракани | 8 928 875 73 76 |
| 1490 | Араканский заводской избирательный участок | В границах территории Араканского консервного завода | Здание ОАО «Араканский консервный завод» | 8 929 879 46 22 |
| 1491 | Араканский прикутанный избирательный участок | В границах Араканского кутана | Здание МУП «с-з Араканский» | 8 928 962 77 17 |
| 1492 | Новоирганайский избирательный участок | В границах с. Новый ирганай | Здание администрации с. Ирганай | 8 960 410 44 85 |
| 1493 | Ирганайский избирательный участок | В границах с. Ирганай | Здание спорткомплекса | 8 964 006 94 19 |
| 1494 | Гимринский избирательный участок | В границах дома Магомедова Магомеда Кудиява до дома Шамилова Магомеда | Здание Гимринской СОШ | 8963 424 59 79 |
| 1495 | Гимринский избирательный участок | В границах дома Газимагомедова Гусейна до дома Камиловой Халимат | Здание СДК | 8 989 448 45 64 |
| 1496 | Временный поселок избирательный участок | В границах вр. п. Гимры | Здание Гимринской СОШ | 8 963 421 36 35 |
| 1497 | Ашильтинский избирательный участок | В границах с. Ашильта | Здание администрации села | 8 988 772 94 71 |
| 1498 | Кахабросинский избирательный участок | В границах с. Кахабросо | Здание с. Администрации | 8 989 444 85 46 |
| 1499 | Бетлинский избирательный участок | В границах с. Бетли | Здание библиотеки | 8 928 833 73 20 |
| 1500 | Иштибуринский избирательный участок | В границах с. Иштибури | Здание администарции с. Иштибури | 8988 274 8181 |
| 1501 | Колобский избирательный участок | В границах с. Колоб | Здание Колобской начальной школы | 8 988 774 1969 |
| 1502 | Колобский прикутанный избирательный участок | В границах с. Колоб (кутан) | Здание школы | 8 961 2477771 |
| 1503 | Иштибуринский прикутанный избирательный участок | В границах Иштибуринского кутана | Здание «к-з Иштибуринский» | 8 903 427 8086 |
| 1504 | Инквалитинский избирательный участок | В границах с. Инквалита | Здание библиотеки | 8 988 274 8181 |
| 1505 | Цатанихский избирательный участок | В границах с. Цатаних | Здание администрации с. Цатаних | 8 938 782 23 40 |
| 1506 | Новоцатанихский избирательный участок | В границах с. Новоцатаних | Здание Новоцатанихской школы | 8 961 835 42 80 |

**ТИК Унцукульского района**

# Баркула!



Дагъал церегIан къоязда МахIачхъалаялда букIана республикаялъул балагъал ишал ккунгутIияльe ва тIагIинариялъе цогояб пачалихъияб (РСЧС) подсистемаялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъун букIана 2017 соналда гражданазулаб обороналда гьарурал хIалтIабазул ва гьаб соналда цере чIарал масъалабазул суал.

Совешаниялда гIахьаллъана Дагъистаналъул Правительствалъул председателасул заместителасул ишал тIуралев Р. Жафаров, РДялъул МВДялъул министрасул ишал тIуралев ГI-Р. МухIамадов, РДялда вугев бетIерав инспектор А. Горлов, РДялъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул секретарь А-М. Абулмуслимов, республикаялъул министерствабазул нухмалъулел, районазул бутIрул.

Данделъиялда докладгун кIалъана Россиялъул МЧСалъул РДялда бугеб Аслияб Управлениялъул нач. Н. КазимухIамадов. Жиндирго докладалда гьес бихьизабуна араб соналда ЧСалъул республикаялда гьабураб цIикIкIараб пайдаяб хIалтIул.

Хадуб букIана Аслияб Управлениялъул хIалтIухъабазе шапакъатал кьей. МЧСалъул хIалтIи лъикI гIуцIун бугин бихьизабуна «МухIарамкент» ва «Унсоколо район» МОязда. Нилъер районалъул ГО ва ЧСалъул отделалъул нач. ГIабдулаев МухIамад ХIожоевичасе РФялъул МЧСалъул приказалда рекъон кьуна «85 лет гражданской обороны» абураб подведомственнияб медаль.

МухIамад ХIожоевичасда ракI-ракIалъ баркула шапакъат!

# ОПМ «Маршрутка»

В целях снижения уровня аварийности на пассажирском транспорте, обеспечения соблюдения водителями указанных транспортных средств Правил дорожного движения, иных регламентирующих законных и подзаконных актов, обеспечения безопасности, в том числе экономической, в сфере пассажирских перевозок, а также стабилизации ситуации в данной сфере деятельности с 24 по 30 января 2018 года на территории района проводится профилактическая операция «Маршрутка». Данное мероприятие проводится сотрудниками ОГИБДД по Республике Дагестан. Целью операции является обеспечение безопасности дорожного движения при пассажирских перевозках, контроль за соблюдением водителями автобусов Правил дорожного движения и лицензионного соглашения. В рамках проводимых мероприятий сотрудники ГИБДД будут проверять у водителей пассажирских транспортных средств наличие лицензии, справки о медосмотре, разрешение на перевозку пассажиров, техническое состояние автомобиля и карту маршрута, прохождение предрейсового медицинского и технического осмотров, наличие необходимых отметок в путевых листах, также выявление транспортных средств, в конструкцию которых внесены несанкционированные изменения. Также сотрудникам ДПС даны соответствующие указания ужесточить контроль за соблюдением юридическими лицами и индивидуальными предпринимателями требований нормативных правовых актов, действующих в сфере обеспечения безопасности дорожного движения и антитеррористической безопасности.

**Начальник ОГИБДД ОМВД России**
**по Унцукульскому району**
**майор полиции Мусавузов Р.Н.**

# Поэзиялъул букIон



## Гьаниб бегьулларищ бертин гьабизе?

Дие лъарагIазул гIадат щибизе
ПорцIизегIан квине гьан букIунареб,
Культураги гьезул къваригIинаро
КьотI-кьотIун гьадриниб чед сокIкIунареб.

Налбикалда жаниб кIиго хинкIги лъун
Хочещ ещёйилан цIехолеб жо щиб,
ЦIакъго бокьанани еще естилан
СуркIа уна бегьун квер щоларелъуб.

Тепси берцинлъизе цIорол сурахIай
СокIкIун руго бакьулъ кьер-кьерал рихьун,
Кьурдигун хьаталъеги санагIаталъе
Саксафон бугоан гьезул бачунеб.

Дидаго ццим бахъун, цаби рукьана
Цодагьаб пудра щай бахинчIебилан,
ЧIинчIо, кIазги босун харж гьабичIого
Парикмахералъухъ кин яккичIейилан.

Фишабазул ящик щибжодайилан
Щущарал пикрабалъ дун йикIарайго,
АскIой гIодой чIарай чIужугIаданалъ
ГIарац рехейилан бихьизабуна.

Баркаман магIарухъ магIарул бертин
Буртабалъ гIодор чIун гIиву бачунеб,
ГIадада кIазги бан кьурдулел ясал
Кьурабалъ багъулеб зурмил, кьолол сас.

ЦIулал цIаги бакун короник жаниб
Киналго тIаделъун бежун балеб чед,
Чармил, маххуда лъун чIахIа хьагалгун
ЧIахIиял бихьиназ белъун лъолеб гьан.

Умумазул гIадат гIуруй биччазе
ГIолареб щиб бугеб нилъерго гьаниб.
БацIцIадаб гьаваги, гьуинаб лъимги
Гьаниб бегьулларищ бертин гьабизе!?

## Какдарулеб дир улка

Нилъерго чадихъ бичун
Чидараб гьанахъ босун,
Гьабулеб дараналда
Дангъа гьечIеб, Дагъистан.
ЛъикIав данде кколарел
Квешасда рекъоларел,
Рекъолеб жого гьечIеб
Гьабго щиб гIаламалъи!
МагIарулал, даргиназ
Даргинал, лъарагIаца
ЛъарагIал, лакецаца
Какун лъалеб, дир улка!
ГIорал цадахъ чвахулел
Лъарал данде журалел,
Жураларел ракIазул
РакI чIухIараб, дир ВатIан.
Ригьназул жубай бугеб
ЖахIда-хIусуд гIемераб,
ХIилла-рекIкIалъул цIураб
ЦIар рагIараб, Дагъистан.
Цересел гIасрабазда
ГIумрого цадахъал арал
Цоцалъ рекъейго гьаниб,
Щибго хутIараб гьечIин.
Багьа цIикIкIараб хонжрол
Хабардай гьаз цIаличIеб,
ЦIадаса шагIирасул
ШигIрудай кодой щвечIеб!
Сабаб хьвалеб, бер тIолеб
ЧагIи тIагIундай ругел,
Дагъистаналъул гьаб халкъ
РукIалиде бачине.

## Дие бокьулеб гIамал

ГIадамасулъ дие бокьулеб гIамал
ГIадамал рокьиги, рекIкI гьечIолъиги,
РакIалда бугеб жо бахчунгутIиги
Чин бихьун, чи вихьун хIелунгутIиги.
ГIарац гIемерасе хьатчIвангутIиги
ГIакълу гьарзаясухъ гIинтIамун чIейги,
ЧIужугIаданалъул къимат гьабиги
Къадарасда хIакъаб калам гьабиги.
Борхалъи щунилан чIухIунгутIиги
ЧIарбида вугилан гIодунгутIиги,
БетIергьанас кьураб лъикIаб-квешалъе
Щибаб какда хадуб щукру гьабиги.

## *Инсуй вас гьавула*

Инсуй вас гьавула кьибил чIухIизе
Кьолбоде бачIараб рогьо борхизе,
Роххалил сверуда си гIадин чIезе
Сверухъльи чIухIарав бахIарчи лъвине.
Йокьарай ясалъул намус цIунизе
ЦIадул бухIиялъукь хIинкъунгутIизе,
ХIал ккараб кьояца кьватIив вахьине
Кварилъаби ккедал хьолбохъ ватизе.
Эбелги йокьизе, рокьи цIунизе
Рокьуе хиянат гьабунгутIизе,
Гьайбатаб, берцинаб хьизан гIуцIизе
ГIелмугин рекъараб гIамал гьабизе.

## ГIамал хисуларо дир гIищкъуялъул

Къасде шагьри моцIрол гвангъи бихьулищ
Балаялъ рецIцIулел дир берзул гIадаб,
Зодихъ багIар бакьул бухIи бихьулищ
Рокьи ккарал къояз дир рекIел гIадаб.
РикIкIада хутIараб ихдалил гьорол
Гьогьен жеги буго жендулеб каранлъ,
РекIеда тIегьараб алжанул тIогьол
ТIамахцин бортичIо хасел щваниги.
Хасел цIорониги, цIер гIунанаги
ГIамал хисуларо дир гIищкъуялъул,
Кьоял свераниги сордо щваниги
Савуцин кколаро дир анищазде.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**
**Рихьуни росу.**

**ЛЪАЗАБИЯЛ**

МухIамадов ГIабдула Багьаудиновичасул 1986 соналда Балахьуни школалъ кьураб 176, № 628342 бугеб, 8 класс лъугIиялъул Свидетельство тIагIун буго.

Жакъаялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

2015 соналда Генуб гьоркьохъеб школалъ Зияудинов ГIабдула МухIамадовичасул цIаралда кьураб, гIаммаб гьоркьохъеб лъай кьеялъул №00518001010693 бугеб аттестат билун буго. Жакъаялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 25. 1. 18 г. 16. 40 фактически -17. 50 мин. .................................. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|